



Pou Piblikasyon Imedya: 7/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PWOKLAME DESANM KÒM MWA STOP-DWI EPI ANONSE MEZI NAN TOUT ETA A POU SISPAAN ZAFÈ KONDUI AK KAPASITE AFEBLI

Pibliye pwoklamasyon ki deziyen desanm kòm [MWA STOP-DWI](#)

Anonse kanpay kontwòl Kondui San Ou Pa Sou oswa y ap Arete Ou

Lanse nouvo [PSA](#) sou kondui ak kapasite afebli

Anonse inisyativ pou ankouraje mesaj sou kondui an sekirite nan ba ak restoran yo nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon pwoklamasyon ki deziyen mwa desanm kòm [Mwa STOP-DWI](#) epi anonse yon seri inisyativ sible pou anpeche moun kondui ak kapasite afebli atravè eta a. Pandan mwa desanm lan, Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a pral lanse yon nouvo [Anons Sèvis Piblik \(PSA\)](#) kont konsomasyon alkòl ak kondui. GTSC pral lanse tou yon kanpay sansibilizasyon piblik 'Pa Kondui Sou' (Don't Drive High) 1 milyon dola ki pral itilize finansman Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la.

"New York gen zewo tolerans pou chofè k ap kondui ak kapasite afebli, yon desizyon ensousyan ki mete tout moun ki pataje wout la andanje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa senp: selebre epi kondui yon fason responsab oswa gen yon plan pou rive lakay ou san danje. Administrasyon mwen an pral kontinye reprime chofè ensousyan pou pwoteje Nouyòkè yo sou wout la".

Ansanm ak patnè li yo nan Asosyasyon Restoran Eta New York ak Asosyasyon Tavèn Empire State, GTSC pral travay pou distribye afich ki gen mesaj sou kondui san danje pou itilize nan espas bwason a anpòte, ba ak restoran nan tout eta a, epi GTSC te mete mesaj pou kondui san danje sou jukebox elektwonik yo pou ankouraje kondui yon fason responsab. GTSC ak STOP-DWI pral sipòte kanpay kontwòl sou kondui ak kapasite afebli 'Kondui San ou Pa Sou oswa y ap Arete Ou' soti 15 desanm jiska 1ye janvyè. Pandan tan sa a, ofisye lapolis nan tout eta a pral ogmante patwouy yo.

Kanpay la te demare jodi a nan McGeary's Irish Pub nan Albany, kote GTSC ak ofisyèl Depatman Veyikil Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York te mete ansanm avèk Lapolis Eta New York, Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) Eta New York, Otorite Alkòl Eta New York (New York State Liquor Authority, SLA), STOP-DWI Foundation Eta New York, Biwo Cherif Konte Albany, Depatman Lapolis Vil Albany, Asosyasyon Restoran Eta New York ak Asosyasyon Restoran ak Tavèn Empire State (Empire State Restaurant and Tavern Association, ERSTA).

Dènye mezi sa yo pou elimine kondui ak kapasite afebli nan New York chita sou efò kontinyèl Eta a ap fè pou rezoud pwoblèm sa a. Ansanm ak Otorite Alkòl Eta a, Lapolis Eta a, ak fòs de lòd lokal yo, DMV sipèvizè Operation Prevent, yon inisyativ kontwòl ki ede anpeche minè konsome alkòl ak vann alkòl bay minè. Detay Operation Prevent yo fèt nan ba, restoran ak espas konsè yo pandan ane a. Sèlman nan ete sa a, yo te sezi 580 fo idantite, yo te bay yon total 505 kontravansyon pou tantativ pou sèvi ak fo idantite, epi yo te bay 46 lòt kontravansyon pou vyolasyon Lwa sou Bwason ak Kontwòl Alkòl.

Anplis de sa, GTSC a sipòte fòmasyon pou Ekspè nan Rekonesans Dwòg (Drug Recognition Experts, DRE). Yo rele DRE yo lè yon chofè sanble gen kapasite afebli, men lapolis la eskli posiblite alkòl kòm kòz oswa sèl kòz kapasite afebli a. Yon DRE resevwa fòmasyon konplè ke Administrasyon Sekirite Sikilasyon Otowout Nasyonal (National Highway Traffic Safety Administration) la ak Asosyasyon Entènasyonal Chèf Lapolis yo apwouve (International Association of Chiefs of Police). Fòmasyon an pèmèt ofisyè yo obsève epi dokimante siy ak endikatè kapasite afebli nan chak nan sèt kategori dwòg yo gen ladan dwòg ilegal ak preskripsyon yo. Nan mwa oktòb, te genyen 411 DRE atravè tout eta a.

Yon lòt eleman enpòtan nan efò New York pou konbat kondui ak kapasite afebli se pwogram STOP-DWI a. STOP-DWI defini kòm "Pwogram Opsyon Sikilasyon Espesyal pou Moun ki ap Kondui Pandan yo Sou (Special Traffic Options Program for Driving While Intoxicated, STOP-DWI)". Pwogram STOP-DWI Eta a finanse avèk kontravansyon chofè ki gen kapasite afebli ki kondane yo peye. Li enpòtan pou note ke kowòdonatè pwogram yo gen ladan divès orijin pwofesyonèl, gen ladan fòs ranfòsman lalwa ak fòs ki pa nan ranfòsman lalwa.

Nou te kreye pwogram STOP-DWI pou ekipe konte yo pou kowòdone efò otorite lokal yo pou redwi aksidan sikilasyon ki gen rapò ak alkòl ak lòt dwòg yo. Tout 62 konte yo chwazi patisipe. Kèk ezanp pwogram ke STOP-DWI a finanse konsakre inite lapolis ki fòme espesyalman pou kontwòl DWI yo, anbochaj pwokirè espesyal yo ak ofisyè pwobasyon pou jere kantite ka yo, kontwole aparèy antidemaraj yo, sipòte sèvis reyabilitasyon yo, ak devlope kanpay enfòmasyon ak edikasyon piblik ki apwopriye pou kominote yo andedan rejyon respektif yo. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite stopdwi.org/.

Komisè Depatman Veyikil a Motè Eta New York la ak Prezidan GTSC a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Misyon Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a se pou sove lavi ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite sou wout nou yo. Nou sipòte ak fyète kanpay kontwòl sa yo ansanm ak ofisye fòs de lòd ak STOP-DWI nou yo epi nou remèsye yo pou angajman yo nan konbat zafè kondui ak kapasite afebli a".

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Yon menas komen sou wout nou yo, epi youn nou kontinye konbat, se kondui ak kapasite afebli epi sou. Pandan chofè yo ap kondui nan tout eta a pou ale wè fanmi ak zanmi yo pandan sezon fèt sa a, nou ankouraje yo pou yo priyore pratik kondui san danje. Lapolis Eta New York rejwenn ak fyète patnè fòs de lòd nou yo nan efò kontinyèl pou dekouraje, detekte ak arete chofè ki gen kapasite afebli epi ki sou yo".

Prezidan Otorite Alkòl Eta New York la, Vincent Bradley, te deklare, "SLA fyè pou l sèvi kòm yon manm Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a epi jwe yon wòl nan gwo efò k ap fèt pou redui lanmò sou wout yo nan ogmante sansibilizasyon sou danje minè ki konsome alkòl epi zafè kondui ak kapasite afebli. Nou kontan pou nou rejwenn kanpay sa nan tout eta a avèk patnè nou yo nan fòs de lòd ak mèst restoran ak ba yo atravè eta a ki te depase yo pou jere biznis yo yon fason sekirite ak responsab".

Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, Christopher Alexander, te deklare, "Li enpòtan pou Nouyòkè yo konprann risk kondui pandan yo sou epi nou fyè pou n ede sipòte Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a nan founi edikasyon sa a ki nesèsè anpil. Pou di sa senp: Si ou santi w diferan, w ap kondui diferan epi ou pa ta dwe pran volan ak mete tèt ou ak lòt moun andanje".

Prezidan Rejyon Lwès Asosyasyon STOP-DWI a, Lindsay Tomidy, te deklare, "Lè m te timoun, mwen te viv twomatis pou m ta pèdi frè m nan lè li te fè move chwa pou kondui ak kapasite afebli. Mwen konnen dirèkteman gwo enpòtans sansibilizasyon pou krim sa ki ka anpeche lè nou travay pou gen zewo viktim. STOP-DWI NY eksite pou l fè patenarya avèk asosyasyon ki pataje menm lide sou etikèt Alcohol to Go (Alkòl pou Anpòte)! Nou gen yon enterè mityèl nan siksè biznis yo ak sekirite sikilasyon sou wout nou yo, kidonk nou pa ka tann pou nou kontinye travay sa ansanm".

Chèf Depatman Lapolis Ossining, ak Prezidan Asosyasyon Chèf Polis Eta New York la, Kevin Sylvester, te deklare, "Chèf Lapolis atravè eta a ap raple chofè yo pou planifye davans pou itilize mwayen transpò altènatif si y ap konsome alkòl pandan selebrasyon sezon fèt la. Konsekans trajik potansyèl yo ka evite, si w ap bwè, pa kondui".

Cherif Konte Livingston ak Prezidan Asosiyasyon Cherif Eta New York yo, Thomas Dougherty, te deklare, "Kondui ak kapasite afebli se yon kondui ki mòtèl. Se yon chwa ki ka fè mal ak ou menm, pasaje ou yo, ak lòt moun sou wout la. Cherif Eta New York yo vle ou pwofite sezon fèt la men ou dwe toujou gen yon plan pou pa kondui ak kapasite afebli".

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Restoran Eta New York la, Melissa Fleischut, te deklare, "Bwason fèt yo nan meni an epi fèt yo pandan sezon fèt la ap ranpli kalandriye a, men lajwa pa ka devye atansyon sou enpòtans pou tounen lakay an sekirite. Avèk yon bann opsyon ki genyen pou pran woulib san danje pou ale lakay, nou vle pou tout moun selebre yon fason responsab. Asosyasyon Restoran Eta New York ak manm nou yo kanpe avèk Komite Sikilasyon Gouvènè a epi sipòte STOP-DWI a".

Direktè Egzekitif Restoran ak Asosyasyon Tavèn Empire State la, Scott Wexler, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou fè patenarya ak STOP-DWI Foundation ak Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a. Ofri kliyan yo opsyon pou yo ajoute yon bwason nan kòmman a anpòte yo se te yon adisyon ki popilè ak ekonomik nan meni restoran yo, men li pa te diminye angajman nou nan zafè konsomasyon alkòl yon fason responsab. Efò sa a sèvi pou raple tout moun ke kondui ak kapasite afebli rete yon preyokipasyon sante piblik epi privilèj bwason a anpòte a mache ak devwa pou konsome yon fason responsab".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418